# Илъэс 93-рэ и пэкIэ къыхаха гъуэгуанэ тэмэм

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№176-177 (22.835) ● 2014 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов Сергей Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 93-рэ зэрырикъум теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!
Республикэм и махуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу!

БлэкIа илъэсхэм къриубыдэу щIыналъэм и тхыдэм напэкIуэцI гъуэззэджэуи напэкIуэцI гугъууи куэд хэтащ. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэу абыхэм къарикIуар нэрылъагъущ: Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм илъэс 93-рэ япэкIэ тхыдэм и гъуэгуанэ тэмэм къыхахащ икIи ар сэбэп хъуащ абы и щэнхабзэ, экономикэ, социальнэ зэфIэкIхэр нэсу къэгъэсэбэпынымкIэ.

Иджыпсту щIыналъэм Iуэхушхуэхэр щызэфIагъэкI жылагъуэ политикэ зэпIэзэрытыгъэр гъэбыдэным, цIыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным хуэгъэзауэ. Властым и федеральнэ органхэм ящIыгъуу мыбы щыпхагъэкI лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухыным, цIыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ щIыным икIи псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа жэрдэм куэд. Округым и рекреацэ кластерым хэту хъарзынэу зеужь республикэм туризмэмкIэ и IэнатIэм. Щэнхабзэм и илъэс дызыхэтым, мыхьэнэ хэха зиIэр арщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хуэгъэзауэ куэд ялэжь.

Шэч хэлъкъым зэгъэуIуауэ икIи зэпIэзэрыту зыужьыным хуэкIуэ гъуэгум фи щIыналъэм иджыри текIуэнигъэщIэ куэд къызэрыщихьынум. Быдэу си фIэщ мэхъу, яIэ ехъулIэныгъэхэр нэхъри ягъэбагъуэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм ди Хэкум, лъэпкъ куэду зэхэт урысей цIыхубэм нэхъри зауэжьыным лэжьыгъэшхуэ зэрыхащIыхьынур.

Си гуапэу сынывохъуэхъу, ныбжьэгъухэ, насып, узыншагъэ фиIэну, фIыгъуэу щыIэр къывэуэлIэну!

**ПщIэ фхуэзыщI**
**МЕЛИКОВ Сергей**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 93-рэ зэрырикъум къыхэкIыу КIуэкIуэ Юрий республикэм щыпсэухэм зэрызахуигъазэр

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 93-рэ зэрырикъумкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу. А махуэшхуэм дэ социально-политикэ зэпIэзэрытыныгъэм диту икIи къэкIуэнур ди плъапIэу дыIуощIэ.

Нобэ республикэм зэманым къихь лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ тегушхуауэ къызэренэкI икIи зэпIэзэрыту зыужьыным и гъуэгум тоувэ. Дызэрыт илъэсым экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я лэжьыгъэр ефIэкIуащ. Дэ социальнэ зэгурымыIуэныгъэ къэдгъэхъуакъым икIи финанс IэнатIэр тэмэму къызэтедгъэнащ. Сыт хуэдиз гугъуехь щымыIэми, къэралым зыхуигъэува социальнэ къалэнхэр нэгъэсауэ егъэзащIэ. А псоми уи фIэщ ящI Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ унагъуэ зэкъуэтым хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэми гъащIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа гъуэгум адэкIи зэрыпащэнур.

Си фIэщ мэхъу къыхэтха гъуэгум дытемыкIыу дыкIуэн папщIэ къарууэ, зэфIэкIыу, ерыщагъыу тхэлъыр зэрыттхурикъунур икIи иджырей Къэбэрдей-Балъкъэрыр фейдэшхуэ къэзыт экономикэр и лъабжьэу зэрызэтедгъэувэнур. Дэ инвесторхэр лэжьэн, хьэрычэт IэнатIэм, бизнесым пэрытхэм я жыджэрагъым хэхъуэн папщIэ Iэмал тэмэмхэр къызэдгъэпэщынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр экономикэ, щIэныгъэ хэкIыпIэ лъэщхэр зиIэ, демократиер зи лъабжьэ иджырей правовой къэрал ухуэным теухуауэ Урысей псом щекIуэкI лэжьыгъэм жыджэру хэт, Урысей Федерацэм и адрей субъект псоми я хуитыныгъэхэр зиIэ щIыналъэщ. Республикэм нэсу диIыгъщ ди къэралыр и щхьэ хуитыжу щытыным, абы и сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжыным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм и унафэщIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр.

Дызэрыт гъэр Щэнхабзэм и илъэсщ. Дэ ди деж зыри къыщыдгъэнэнукъым тхыдэм и хабзэфIхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэным, жылагъуэм и зэхэщIыкIыр къэIэтыжыным, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэр къэралым хуэпэжу, ар фIыуэ ялъагъуу гъэсэным и лъэныкъуэкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми аргуэру зэ махуэшхуэмкIэ сохъуэхъу. Си гуапэщ узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ фиIэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и Iэтащхьэм и къалэнхэр**
**пIалъэкIэ зыгъэзащIэ**
**КIУЭКIУЭ Юрий**

● Зэпыщ|эныгъэхэр



## КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щаIущIащ Иорданием къикIа лIыкIуэхэм

Гупым хэтщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, бизнесым я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ сату-экономикэ IэнатIэм, егъэджэныгъэм, туризмэм, ухуэныгъэм, нэгъуэщIхэми я лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэмрэ зэдэлэжьэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

КIуэкIуэ Юрий къигъэлъэгъуащ лъэныкъуитIыр дяпэкIэ нэхъ зыубгъуауэ зэдэлэжьэным и телъхьэу зэрыщытыр: «Сэ Иорданием мызэ-мытIэу сыщыIащ. Ар зыхуэбгъэдэн щымыIэ къэралщ, абы и къалащхьэм щопсэу илъэсищэм щIигъу япэкIэ ди лъэпкъэгъухэм закъыщIэзыгъэкъуа цIыху гуапэхэр, хьэщIагъэ зыхэлъхэр.

Апхуэдэу дэ пщIэшхуэ худощI къэралитIым я унафэщIхэм зэпыщIэныгъэ гуапэхэр яку зэрыдэлъым. А зэпыщIэныгъэхэр дгъэбыдэн икIи зедгъэужьын папщIэ ди деж зыри къыщыдгъэнэнкъым».

Амман къалэм и Iэтащхьэ Бальтаджи Акел Моҳ́д гуапэу къызэрыригъэблэгъам папщIэ КIуэкIуэ Юрий фIыщIэ къыхуищIащ икIи официальнэ делегацэр къезыгъэжьа пащтыхь Абдаллэ II ибн Хъусейн къыбгъэдэкIыу сэлам кърихыжащ. «Фи деж дыщыщыIэ зэманым къриубыдэу дэ дыхэтащ КъБР-м и Къэралыгъуэм ехьэлIа гуфIэгъуэхэм. Апхуэдэу гукъинэ тщыхъуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ гъуэзэджэ Мэлбахъуэ Т. Къу. и фэеплъыр къыщызэIуахым екIуэкIа дауэдапщэр. Ар щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыжьхэм пщIэ зэрыщыхуащIым икIи абыхэм я фэеплъыр зэрыщагъэлъапIэм», - къыхигъэщхьэхукIащ абы.

ХьэщIэхэр нэхъ зыщIэупщIахэм ящыщщ гъуэгу полицэм и лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыр, Налшыкрэ Амманрэ зэпызыщIэ хьэуа гъуэгу къызэIухынымкIэ щыIэ Iэмалхэр. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, республикэм и зыужьыныгъэр псом нэхърэ нэхъ наIуэу къегъэлъагъуэ еджагъэшхуэхэм, щIэныгъэм хуащI пщIэм. Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэсхэм щIэныгъэ куу ирагъэгъуэтын, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырын папщIэ Iэмал псори щыIэщ. Адыгэ диаспорэм къыбгъэдэкIыу ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэну къакIуэ псоми я Iыхьэ щанитIыр Иорданием щыщщ.

Иорданием и лIыкIуэхэмрэ КъБР-м и къалащхьэм и унафэщIхэмрэ Iэ щIадзащ Налшык къалэмрэ Амманрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм. Абы ипкъ иткIэ ягъэзэщIэнущ лъэныкъуитIми я сэбэп зыхэлъ инвестицэ проект зыбжанэ.

Делегацэр иджыри махуэ зыбжанэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэнущ. ХьэщIэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэнущ, республикэм и министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я унафэщIхэм яхуэзэнущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ

**КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару илъэс куэдкIэ щыта Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ фокIадэм и 1-м Налшык Правительствэм и Унэм пэгъунэгъуу къыщызэIуахащ.**

**Илъэс щэщIым нэблагъэкIэ республикэм и Iуэхур зыунэтIа унафэщI Iэзэр ягу къагъэкIыжыну, Iуэху дахэр даIыгъыну цIыхушхуэ зэхуэсат. Абы кърихьэлIат Мэзкуу щыщ хьэщIэхэр, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, жылагъуэ организацэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ, дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, ветеранхэр, литературэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр.**

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и вице-премьер **Фырэ Руслан** гуфIэгъуэ пэкIур къызэIуиха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Юрий** къызэхуэсахэм захуигъэзащ.

- ПщIэ зыхуащI ныбжьэгъу лъапIэхэ! Нобэ, республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 93-рэ щрикъу махуэм, дэ къызэIудох ди лъэпкъым и къуэ пажэхэм ящыщ, къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэ, цIыху гъуэзэджэ Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, къэрал псом и тхыдэм абы и IуэхущIафэм лъэхъэнэ хэха щеубыд. Мэлбахъуэ Тимборэ и гъащIэр зэрыщыту республикэм зегъэужьыным, зегъэузэщIыным, цIыхухэм я зэIузэпэщ псэукIэр егъэфIэкIуэным иритащ. Ар езыр узэщIакIуэу къигъэщIат. Республикэм и унафэщI хъуа нэужь, лъэныкъуэ куэдкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIыр къызэригъэсэбэпым ехъулIэныгъэхэр къыдэкIуэрт. А илъэсхэр Iуэхушхуэхэр щызэфIах лъэхъэнэти, къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыпэкIуэрт. Ленин орден, Октябрь революцэ орден, Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэ орден республикэм къыхуагъэфэщат. Мэлбахъуэ Тимборэ жьакIуэт, дипломат Iэзэт. Iуэхур кууэ зэпкърихыу, кIэщIу, купщIафIэу, гурыIуэгъуэу союзпсо, щIыналъэ утыкушхуэхэм къыщыпсалъэрт. Куэд жимыIэми, и дэтхэнэ псалъэри гум къинэрт, - къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Юрий. - Къулыкъушхуэ иIыгъми, къызэрыгуэкIт, цIыхухэр зыхуей-зыхуэфIхэм фIы дыдэу щыгъуазэт, унафэщI щхьэзыфIэфIхэм хуабжьу яхуэткIийт. Абы папщIэ республикэм щыпсэухэр икъукIэ хуэарэзыт, нэгъуэщI щIыпIэхэми пщIэшхуэ къыщыхуащIырт. КIэухыншэу зыхуэпэж Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфIэкI псори езыт унафэщIыр интернационалист нэст. ЦIыхухэм щепсэлъылIэкIэ, къэрал Iуэхухэм я гугъу щищIкIэ, лъэпкъхэм яхуищI гулъытэм а псор щыдэплъагъурт.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Махуэшхуэ зэхуэсхэр

## Нэхъыфlхэр ягъэпажэ

**КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпIэным ехьэлIауэ республикэм къыщызэрагъэпэща Iуэхугъуэхэм ящыщт фокIадэм и 1-м Налшык Правительствэм и Унэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсри. Абы КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий щIыхь тхылъхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ щаритыжащ республикэм и зыужьыныгъэм, ехъулIэныгъэм зи зэфIэкI хьэлэлыр езыхьэлIэ цIыху пэрытхэм.**

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсыр къызэIуиха нэужь, **КIуэкIуэ Юрий** къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэс 93-рэ щрикъу махуэшхуэмкIэ икIи къыхигъэщащ а Iуэхугъуэм ди щIыналъэм и дежкIэ иIэ мыхьэнэм хэхъуэ зэпыту зэрекIуэкIыр.

- КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм игъэбелджылыр ди щIыналъэм игъуэта политикэ, экономикэ зыужьыныгъэм я закъуэкъым, атIэ республикэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми къикIуа тхыдэ гъуэгуанэ купщIафIэр къегъэлъагъуэ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. - Дэ тлъытэн хуейщ ди республикэм и зэфIэувэныгъэм щыщ дэтхэнэ Iыхьэри, тщыгъупщэ хъунукъым лъэхъэнэ гугъухэри, ехъулIэныгъэрэ текIуэныгъэрэ къытхуэзыхьахэри. Дауи, къыхэдгъэщын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зиужьыным зи гуащIэ хьэлэл хэзылъхьахэр. Правительствэм и Унэм нобэ къедгъэблэгъащ зи лэжьыгъэм гулъытэ лъагэ республикэм щигъуэта апхуэдэ цIыхухэр. Фэ зыIэрывгъэхьа ехъулIэныгъэхэр я щыхьэтщ гъащIэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ республикэм игъуэта зыужьыныгъэм. Фэ къэвгъэлъэгъуащ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфхэр зи къалэнхэр пэжу, някъусаныгъэншэу зыгъэзащIэ, пщэрылъ къыхуащIа IуэхухэмкIэ жэуаплыныгъэ зыхэзыщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнум щхьэкIэ гудзакъэ зиIэ цIыхухэрауэ зэрыщытыр.

Республикэм и УнафэщIым и псалъэ гуапэхэр яхуэгъэзат гуфIэгъуэ зэхуэсым кърагъэблэгъа псоми. Абыхэм яхэтт щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, экономикэм, медицинэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми я лэжьакIуэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми гуапэу ехъуэхъуащ КIуэкIуэр, дамыгъэ лъапIэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ щаритыжым. УФ-м и Президентым и УнафэкIэ ЛIыгъэм и орден иратащ ЕджакIуэхэм я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ республикэ центрым и хъумакIуэ **Абэнокъуэ Владимир**. «УФ-м щIыхь зиIэ и метеоролог» цIэр фIащащ Кавказ Ищхъэрэм Метеорологиемрэ геофизикэмкIэ щыIэ къулыкъущIапIэм и унафэщI **Чочаев Хъызыр**. Къэрал къулыкъум и ветеран **Власов Александр**, тренер **Гаджимагомедов Хъанкалав** сымэ иратащ «Хьэлэлу къулыкъу зэрищIам папщIэ» дамыгъэмрэ УФ-м и Президентым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъымрэ. Апхуэдэу УФ-м и Президентым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ «Къэббалъкъгражданухуэныгъэ» IуэхущIапIэм и унафэщI **Бэджыдэ Мухьэмэдрэ** КъБКъУ-м и декан **ТIэш Русланрэ**.

КъБР-м и дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр - зэхуэсым щратащ къэрал, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу **Абазэ Руслан**, **Губин Геннадий**, **Дохъущокъуэ Мусэ**, **Залиханов Михаил**, **Зелинская Еленэ**, **Зумакулов Борис**, **Мер Юрий**, **Мартиросовэ Варварэ**, **Нэхущ Заурбий**, **Устэ Валерий**, **Черкесов Георгий**. ЩытыкIэ къызэрымыкIуэм ихуа цIыхухэр къыщрагъэлым зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щхьэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр апхуэдэу хуагъэфэщащ **Атэлыкъ Залым**, **Чып Темур**, **ГъукIэ Руслан** (езы щIалэр зэрыхэкIуэдам къыхэкIыу, абы и дамыгъэр иратыжащ и анэ ГъукIэ Хьэлимэт).

(КIэухыр 2-нэ нап.).






### Щхьэж зэрызыхуэхъумэжщ

**Украинэм щекIуэкIхэм дунейпсо зэхущытыкIэхэр зэIыхьэным, къэралхэр зэщыIеиным хуишэну къэзылъытэ политологхэр зэрыщымыуэм щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэхэр ди нэгу щIокI махуэ къэс. Абы ирогузавэ а зауэм зыкIи зи Iуэху хэмылъ къэралхэри.**

«Украинэм зауэ зэрыщекIуэкIым и зэран екIынущ дунейм и къэрал куэд дыдэм. Апхуэдэу щыщыткIэ, дэ Iэмал псори къэдгъэсэбэпын хуейщ, ди деж псэукIэр щемыкIэкIуэн, ди экономикэр хъума хъун папщIэ», - жиIащ Къэзахъстаным и унафэщI Назарбаев Нурсултан, республикэм и парламентым и депутатхэм дыгъуасэ защыхуигъазэм.

### Арэзы ищIын мурадкIэ

**Йеменым и президент Абда Раббу Мансур Хади къэралым и правительствэр дыгъуасэ тригъэкIащ икIи лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэн IуэхущIапIэщIэ къызэрагъэпэщыну къыхилъхьащ.**

ЗыкъэзыIэта шиитхэр игъэсабырыжын мурадкIэ, къэрал Iэтащхьэм апхуэдэуи унафэ ищIащ гъэсыныпхъэм и уасэр процент 30-кIэ ягъэмэщIэну. Мазэм нэблэгъауэ Йеменым щызэрызохьэ къэрал политикэмкIэ мыарэзыхэр. Абыхэм къагъэув псо дыдэри хузэфIэмыкIми, абыхэм ящыщ гуэрхэр яхуимыщIэныр зэрыIэмалыншэр къыгурыIуэри аращ Хади апхуэдэ лъэбакъуэхэр щIичар, ауэ абы щыгуфIыкIауи, арэзы техъуауи фэ ятеткъым президентым къыпэщIэтхэм.

НОБЭ

◆**Терроризмэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
◆**Беслъэн къалэм щыхэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж махуэщ**
◆1612 гъэм Пожарский Дмитрийрэ Черкасский Къанщауэрэ польшэдзэм текIуащ.
◆1944 гъэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ Бельгием и щыхьэр Брюсселрэ Франджым хыхьэ Лион къалэмрэ.
◆КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу лэжьа **Дохъущокъуэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
◆УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Гугъуэт Лол** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
◆КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **БжэIумых Хьид** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
◆Литературовед, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**
**Зэдэгъуэт нэхърэ - зэблэгъуэтыкI.**

## Къремыхъу апхуэдэ зэи!

**Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щокIуэкI Терроризмэм ебэнынымкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ехьэлIа Iуэхухэр.**

АБЫ ХИУБЫДЭУ сыхьэт 12.00-м Налшык къалэм и уэрамхэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым деж терроризмэм ебэнынымкIэ дамыгъэхэр зытет футболкэхэр, блокнотхэр щагуэшынущ. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым.

Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэшхуэр илъэси 10 зэрырикъум и фэеплъу ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ республикэ сабий библиотекэм абы хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыжынущ икIи «Сэ терроризмэм срибийщ» гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахынущ. Терроризмэм ебэным теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIынущ республикэм и ныбжьыщIэхэм я библиотекэу Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэм, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм.

Терроризмэм ебэнынымкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм къызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэнущ спортсмену 450-м щIигъум. Налшык и универсальнэ спорт комплексым алыджурым бэнэкIэмкIэ щызэпеуэнущ 1999 - 2000 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр. Iэпщэрыбанэ спортымкIэ зэхьэзэхуэр «Налшык спорт комплексым» къыщызэIуах сыхьэти 9.00-м.

Налшык и «Спартак» стадионым щызэхуос 1998 - 1999 гъэхэм къалъхуа еджакIуэхэр. Ахэр атлетикэ псынщIэмкIэ зэпеуэнущ. Апхуэдэу «Сабий стадионым» гимнастикэмкIэ зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIынущ.

# Мэлбахъуэ Тиморэ и фэеплъ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Ди адэжьхэм къадекІуэкІ хабзэ нэхъыфІхэм хуэпэжу, зэманым и зыужьыкІэр лъэныкъуэ псомкІи зыхищІэу Мэлбахъуэм къыхигъэщырт: «Тхыдэр лъэпкъым и къуэпсщ, ар нэхъ кууээ хэкІэху, жыгри нэхъ быдэу итщ, гъащІэ кІыхь иІэщ». ИкІи и лъэпкъым и блэкІам хуэсакъырт, Урысей къэралыгъуэм и тхыдэми фІыуэ хищІыкІырт. Абы и къэухьым къиубыдымрэ и зэхэщІыкІ лъагэмрэ цІыхухэм ягъэщІагъуэрт, и губзыгъагъымрэ къызэрымыкІуэ и гурыхуагъымрэ псоми яфІэлъапІэт.

Республикэм хуилэжьа Іуэхушхуэхэм папщІэ, Мэлбахъуэ Тимборэ фІыщІэ мыухыжыр хуэфащэщ. И дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэри цІыхубэм я деж щигъуэта пщІэмрэ щІыхьымрэщ. ЩІыхьымрэ къалэнымрэ яхуэпэж цІыхуу, Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъыбэм и унафэщІ Іущу, лІыгъэ зыхэлъу ар ди гум къызэринэнум шэч къытесхьэркъым. ИкІи республикэм фІыуэ щалэжьар тхъумэну, дгъэбэгъуэну ди пщэрылъщ. Дэ ди къалэнщ ди япэ итахэм зрагъэхъулІахэр я лъабжьэу, экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и щІыналъэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зы тщІыну. Зэгъусэу дегугъумэ, абы дызэрыпэлъэщынум шэч къытесхьэркъым. Ар Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ нэхум хуэтщІ гулъытэм дамыгъэ хуэхъунт, - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм.

Мэлбахъуэ Тимборэ щыдэлэжьа гъэхэр игу къигъэкІыжу, абы и шыфэлІыфэу щытам и гугъу ищІу Дохъущокъуэ Мусэ пэкІум къыщыпсэлъащ.

- Ар пщІэшхуэ зыхуащІ цІыхут. Ди щІыналъэм экономикэщІэм и лъабжьэр щагъэтІылъар Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІу щылэжьа гъэхэрщ. Зызыужьа аграр-индустриальнэ республикэ дыхъуат, технологие лъагэм тещІыхьа промышленнэ предприятэхэр къызэдгъэпэщат, мэкъумэш ІэнатІэм хуабжьу зиужьат. ЩІэныгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм пыщІа Іуэхухэр лъэщу щефІэкІуар а илъэсхэрщ. Мэлбахъуэр хуабжьу Іущт, къызэрыгуэкІт, езым щІэныгъэшхуэ бгъэдэлът, лэжьакІуэшхуэт, дапщэщи щапхъэт, псоми щабэу яхущытт. Ди тхыдэм абы и цІэр республикэм и унафэщІ нэхъ цІэрыІуэ дыдэу хыхьащи, апхуэдэу къызэрыхэнэнум шэч къытесхьэркъым, - къигъэлъэгъуащ Дохъущокъуэ Мусэ.

КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис къыхигъэщащ Мэлбахъуэ Тимборэ хэкупсэу, интернационалист нэсу зэрыщытар, абы и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгугъэлъагъуэу къызэрекІуэкІар икІи и фэеплъыр гъэувыныр зи жэрдэмхэм фІыщІэ яхуищІащ.

Мэлбахъуэ Тимборэ и унагъуэм къыбгъэдэкІыу ипхъу Ольгэ къэпсэлъащ.

- Ди дежкІэ мыр гуфІэгъуэ тІуащІэщ. Тхыдэм псори и пІэм иригъэзагъэу жаІэ, иджы мис, абы нобэ мы фэеплъым и увыпІэр игъэбелджылащ. Ар КІуэкІуэ Юрий и фІыгъэщи, фІыщІэшхуэ хузощІ, - жиІащ абы.



ИужькІэ КІуэкІуэ Юрий, республикэм и Парламентым и УнафэщІ Чеченов Ануар, Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей сымэ фэеплъыр къызэІуахащ. Къызэхуэсахэм абы и лъабжьэм удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ, Мэлбахъуэ Тимборэ и гъащІэм, и лэжьыгъэм, и ІуэхущІафэу, и дуней тетыкІэу щытам тепсэлъыхьу, а лъэхъэнэр ягу къагъэкІыжу абдеж цІыхухэр куэдрэ щызэхэтащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик**.

# НэхъыфІхэр ягъэпажэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ЗыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэмрэ илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьамрэ къалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъымкІэ ягъэпэжащ ди щІыналъэм и цІыху гуащІафІэ зыбжанэ. Абыхэм яхэтщ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Мусуков Алий**, Каменномост дэт курыт школ №2-м математикэр щезыгъэдж **Бей Таисие**, сурэтыщІ цІэрыІуэ **СэвкІуий Хьэмид**, нэгъуэщІхэри. КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ хъуахэщ **Ахъуэхъухэ Асярэ Тамарэрэ**, **Мамий Аслъэнбий**, **Мокаевэ ФатІимэт**, нэгъуэщІхэри. Ди гуапэ зэрыхъущи, гуфІэгъуэ зэІущІэм щагъэлъэпІахэм яхэтщ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэри. КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр иратащ редакцэм и зэдзэкІакІуэ **Тэнащ Анатолий**. «КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист» цІэр зэрыхуагъэфэщамкІэ дамыгъэхэмрэ тхылъхэмрэ иратыжащ редакцэм и къудамэхэм я унафэщІхэу **Жыласэ Маритэрэ Хьэжыкъарэ Аликрэ**.

Апхуэдэу цІэ лъапІэхэр фІащащ республикэм и промышленностым, экономикэм, цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэн ІэнатІэм, мэкъумэшым, физкультурэмрэ спортымрэ, ухуэныгъэм, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэми щылажьэ цІыху пэрытхэм. Абыхэм ящыщщ **Гъубжокъуэ Алий**, **Уэщхъун Арсен**, **Лосэн Аулбий**, **Зенин Сергей**, **Чеченов Арсен**, **Къущхьэ Равидэ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсым и кІэухым КІуэкІуэ Юрий иджыри зэ гуапэу захуигъэзащ зи лэжьыгъэм къэрал гулъытэ игъуэта дэтхэнэми икІи ди республикэм и зыужьыныгъэм хуэгъэпса ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэрагъэхьэну ехъуэхъуащ.

**КЪАРДЭН Маритэ**.

# ЙофІакІуэ ди лъахэр, зеужь Къэбэрдей-Балъкъэрым







**КъБР-м къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэс 93-рэ зэрырикъумрэ Налшык къалэ илъэс 290-рэ зэрыхъумрэ ятеухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр къыщыщІадзар «Хэку зауэшхуэм хэкІуэда налшыкдэсхэр», «ИгъащІэкІи Урысейм дригъусэу», «МафІэ мыужьых» фэеплъхэм я дежщ. Абы хэтащ Налшык къалэ администрацэм и лІыкІуэхэр, ветеран зэгухьэныгъэхэм хэт нэхъыжьыфІхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэ ныбжьыщІэхэр. Иджыпсту псэухэм мамырыгъэрэ щІыхьрэ къахуэзыхьахэм я фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьэри, къалэдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ зэбгрыкІащ щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щаІэтыну гуфІэгъуэ зэхыхьэхэм хэтыну.**

* * *

ЛЪЭПКЪ шхыныгъуэхэр, фащэхэр, дамыгъэхэр, лІэщІыгъуэкІэрэ къыддэгъуэгурыкІуэ тхыпхъэхэр зытет хьэкъущыкъухэр, хьэпшыпхэр, удз гъэгъахэр, саугъэтхэр, гуфІэгъуэ нэпсхэр - а псори щытлъагъу хабзэщ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэшхуэхэм. Мы гъэм Налшык илъэс 290-рэ зэрырикъур Іэтауэ ягъэлъэпІащ цІыкІуми инми, къулыкъущІэхэми къызэрыгуэкІ цІыхухэми.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэхэм пэублэ яхуэхъуащ ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм шыщхьэуІум и 31-м къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэр. «Сынохъуэхъу, фІыуэ слъагъу си къалэ!» зыфІаща выставкэм кърихьэлІахэм ягъэпэж хуэдэт а псалъэхэр. Уафэри къащхъуэт, щІылъэмкІэ «къэбгъэзэжми» - цІыху нэфІэгуфІэхэр щызэблэкІырти, гур хэхъуэрт.

Паркым и лъагъуэ нэхъыщхьэм пшыхь хьэлэмэт щекІуэкІащ. Утыкум къихьащ Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупІэмкІэ парк зэгухьэныгъэм и эстрадно-духовой оркестрыр, ГъуазджэхэмкІэ сабий школ № 1-м и уэрэджыІакІуэ цІыкІухэр. ХьэщІэхэр вальсми лъэпкъ къэфэкІэхэми хуэІэзэт. А псом уакъыхэкІмэ, лъэныкъуэкІэ ирагъэувэкІа шэтырхэм щагъэлъагъуэ удз гъэгъахэм, къэкІыгъэ хьэлэмэтхэм уакъыхэхутэрт. «Декоративные культуры» къэрал ІуэхущІапІэмрэ «Горзеленхоз»-мрэ я лэжьакІуэхэм я ІэщІагъэм, щІэныгъэм цІыху гупхэр хагъэгъуазэрт, хэти уэздыгъей, псей, къуэрэдэрэ (можжевельник) хуэдэ жыгыщІэхэр къащэхурт.

«Налшык фІыуэ слъагъу, си гур щыпсэху къалэщ. СфІэфІ дыдэщ мыпхуэдэ махуэшхуэхэр ди республикэ унафэщІхэм къызэрызэрагъэпэщыр. Си гугъэмкІэ, абы щогуфІыкІ дэтхэнэ къалэдэсри. ЦІыху куэд болъагъу, къыбоцІыху, уи гукъыдэжым хохъуэ, - къыддогуашэ къэкІыгъэ гъэщІэгъуэнхэр зыгъэкІ, «Флора сервис» тыкуэныр зыгъэлажьэ Жамбэч Зое. - Дауи, дыщІохъуэпс я гуащІэ емыблэжу ялъэкІыхукІэ лажьэ ди цІыхухэм я жьы хъугъуэм кърат я пенсэр нэхъыбэ хъуну, дыхуейт ди щІалэгъуалэр ди щІыналъэ дахэм имыкІыу я щхьэр зэрагъэпсэужын лэжьыгъэ ІэнатІэ мыбдеж щагъуэтыну. Зи гугъу сщІыхэм иужьрей зэманым гулъытэ хуащІу хуежьащ».

Жамбэчым езым и тыкуэным цІыхуих щегъэлажьэ, жэщ-махуэ имыІэу «Флора сервис»-р зэІухащи, зэрыжиІэмкІэ, хэхъуэ хъарзыни иІэщ. Удз гъэгъа Іэрамэхэм нэхъ лъапІэ дыдэу яхэтым дыщыщІэупщІэкІэ, абы къыхегъэщ архидеер зыщІыгъуур зэрыарар. Уеблэмэ, къызэрызгурыІуамкІэ, архидеем и закъуэ сом 2500-рэ и уасэщ...

АдэкІэ зыщытплъыхьмэ, шэтыр щхьэхуэхэм щагъэлъагъуэ Налшык и Сабий художественнэ школым и гъэсэнхэм ящІа сурэтхэр. Абыхэм я нэхъыбэр Налшык и щІыуэпсым, абы щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэм теухуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэ нэхъыфІхэм ящыщыр, шэч хэмылъу, и хьэщІэ егъэблэгъэкІэрщ. ЗэрытщІэщи, абы нышым я нэхъыфІыр хухах. Мы махуэми а хабзэр нэсу зэрагъэлъэгъуэным егугъурт лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыгъэхьэзыр зи хабзэ шхапІэ зыбжанэр. ЕрыскъыхэкІ хьэлэмэтхэм я мэ гуакІуэм ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм «зраубгъуат», ауэ, нэхъыщхьэрати, хьэщІэхэр шхыным хэІэбэным и закъуэтэкъым Іуэхур зытеухуар, бысымхэм ахэр зэрапщэфІ щІыкІэр зыфІэгъэщІэгъуэнхэм жраІэрт. ЦІыкІухэм зэмыфэгъуу лъагъуэм сурэтхэр тращІыхьырт, я къалэм хуаІэ лъагъуныгъэр кърагъэлъагъуэу...

* * *

ФОКІАДЭМ и 1-м. Налшык и илъэс 290-м хуэмыгушхуэрэ щымыгуфІыкІрэ а махуэм уІущІэртэкъым. Пщэдджыжьым Кэнжэ жылэм щрагъэжьэри, гуфІэгъуэ махуэр арэзы укъищІу екІуэкІащ. Абы ЩэнхабзэмкІэ и унэм Налшык къалэ и щІыпІэ администрацэм и нэІэ щІэту къыщызэрагъэпэщат нэхъ цІыкІу дыдэхэми балигъхэми ягу дыхьэн зэхыхьэ. Пасэм сабийхэр зэрыджэгуу щытахэм щыщи, нэгъуэщІ куэди ныбжьыщІэхэм абдеж къыщацІыхуащ, я гупсысэ къызыхэщ сурэтхэри ящІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цІэрыІуэхэмрэ художественнэ самодеятельностхэм хэтхэмрэ зэхыхьэр ягъэдэхащ, джэгушхуи ящІащ.

(КІэухыр 7-нэ нап.).














*Сурэтхэр* **Мамий Русланрэ Толгуров Камалрэ** *трахащ*.

## ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*8 августа 2014 г.* *№ 88/2-5* *г. Нальчик*

**Об информации о выявленных фактах недостоверности сведений представленных кандидатами в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва**

В соответствии с частью 2 статьи 33, статьей 57, частью 3 статьи 58 Закона Кабардино-Балкарской Республики от 5 августа 2008 года №56-РЗ «О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики», постановлением Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 14 августа 2007 года № 2/4 «О положении о Контрольно-ревизионной службе при Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики», постановлением Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 11 июня 2014 года №78/8-5 «О рабочей группе по приему и проверке избирательных документов, представляемых уполномоченными представителями избирательных объединений в Избирательную комиссию Кабардино-Балкарской Республики при проведении выборов депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва», Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. Принять к сведению информацию о выявленных фактах недостоверности сведений, представленных кандидатами в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва (прилагается).
2. Направить настоящее постановление в территориальные избирательные комиссии Кабардино-Балкарской Республики для размещения указанных сведений на информационных стендах участковых избирательных комиссий.
3. Опубликовать настоящее постановление в средствах массовой информации и разместить в сети интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

**Председатель Избирательной комиссии В. М. ГЕШЕВ**
**Секретарь Избирательной комиссии И. А. АТМУРЗАЕВА**

**Приложение**
к постановлению Избирательной комиссии
Кабардино-Балкарской Республики
от 8 августа 2014 года №88/2-5

**Информация о выявленных фактах недостоверности сведений, представленных кандидатами в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва**

**Кабардино-Балкарское региональное отделение Всероссийской политической партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ»**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результаты проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о недвижимом имуществе.** | | | |
| 1. | Цевинда Елена Юрьевна | 1. Жилой дом 283 кв.м.<br>2. Земельный участок 599 кв.м. | 1. Жилой дом 283 кв.м.<br>2. Земельный участок 599 кв.м.<br>3. Квартира 65,4 кв.м. |
| 2. | Алоков Заур Мухарбекович | Сведения отсутствуют | 1. Цех 249 кв.м.<br>2. Земельный участок 1800 кв.м.<br>3. Склад 197 кв.м.<br>4. Цех 758 кв.м.<br>5. Земельный участок 2087 кв.м.<br>6. Магазин 102,9 кв.м. |
| 3. | Вильбой Елена Владимировна | 1. Земельный участок 718 кв.м.<br>2. Земельный участок 725 кв.м.<br>3. Жилой дом 43,2 кв.м.<br>4. Жилой дом 37,6 кв.м.<br>5. Квартира 32,2 кв.м.<br>6. Квартира 29,8 кв.м. | 1. Земельный участок 718 кв.м.<br>2. Земельный участок 725 кв.м.<br>3. Жилой дом 61,7<br>4. Жилой дом 37,6 кв.м.<br>5. Квартира 32,2 кв.м.<br>6. Жилой дом 79,1 кв.м. |
| **Сведения о транспортных средствах.** | | | |
| 1. | Темботов Хачим Зауалович | 1. ВАЗ 21074 1999 г.в. | 1. Ваз 21074 1999 г.в.<br>2. Ваз 21063 1998 г.в. |
| 2. | Толгуров Расул Абдулкеримович | 1. ВАЗ 217030(приора) | 1. ВАЗ 217030 (приора)<br>2. ГАЗ 33021 |

**РЕГИОНАЛЬНОЕ ОТДЕЛЕНИЕ ВСЕРОССИЙСКОЙ ПОЛИТИЧЕСКОЙ ПАРТИИ «РОДИНА» в Кабардино-Балкарской Республике**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результат проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о недвижимом имуществе.** | | | |
| 1. | Урусбиев Рамазан Мурзакулович | Сведения отсутствуют | 1. Земельный участок 1029 кв.м. |
| **Сведения о транспортных средствах.** | | | |
| 1. | Кубадиев Нурбек Мухадиевич | 1. Фольксваген Пассат 1989 г.в. | 1. Фольксваген Пассат 1989 г.в.<br>2. ЗИЛ 130 1982 г.в. |

**Кабардино-Балкарское региональное отделение Политической партии ЛДПР - Либерально - демократическая партия России**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результат проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о недвижимом имуществе.** | | | |
| 1. | Туменов Муталиб Владимирович | 1. Земельный участок 500 кв.м.<br>2. Земельный участок 500 кв.м.<br>3. Дача 17 кв.м.<br>4. Гараж 21 кв.м. | 1. Земельный участок 500 кв.м.<br>2. Земельный участок 500 кв.м.<br>3. Дача 17 кв.м.<br>4. Гараж 21 кв.м.<br>5. Земельный участок 715 кв.м. |
| 2. | Склеймин Алексей Григорьевич | 1. Квартира 69,4 кв.м.<br>2. Гараж 24 кв.м. | 1. Квартира 69,4 кв.м.<br>2. Гараж 24 кв.м.<br>3. Земельный участок 24,6 кв.м. |
| **Сведения о транспортных средствах.** | | | |
| 1. | Туменов Муталиб Владимирович | Сведения отсутствуют | 1. Форд Скорпио 1985 г.в. |
| 2. | Мизиев Мурат Борисович | 1. Тойота камри 2013 г.в. | 1. Тойота камри 2013 г.в.<br>2. Лада 217230 2011 г.в. |
| 3. | Пшуков Алик Мухамедович | 1. Тойота королла 1992 г.в.<br>2. ВАЗ 2109 2000 г.в. | 1. Тойота королла 1992 г.в.<br>2. ГАЗ 24 1976 г.в. |

**Кабардино-Балкарское региональное отделение политической партии «ПАТРИОТЫ РОССИИ»**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результаты проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о доходах.** | | | |
| 1. | Сизякина Юлия Сергеевна | 1. МОУ «Гимназия №1 г.Майский» общая сумма дохода 156000 руб. | 1. МОУ «Гимназия №1 г.Майский» общая сумма дохода 185077 руб. |
| 2. | Жицкий Вадим Викторович | 1. ОАО «Алкостандарт» 25000 руб. | 1. ООО Строительная компания «СУ-07» 24202 руб. |
| 3. | Камардин Сергей Васильевич | 1. ГКОУ «КШИ с. Октябрьское» общая сумма дохода 204000 руб. | 1. ГКОУ «КШИ с. Октябрьское» общая сумма дохода 257484 руб. |
| 4. | Теуважев Владимир Лютович | 1. МУП «Чегемэнерго» 42000 руб. | 1. МУП «Чегемэнерго» 53771 руб. |
| **Сведения о транспортных средствах.** | | | |
| 1. | Кучмезов Далхат Ахметович | Сведения отсутствуют | 1. Опель KADETT E COMBO 1991 г.в. |
| 2. | Ордашева Мадина Александровна | Сведения отсутствуют | 1. Опель астра 2007 г.в. |
| 3. | Ширитов Ислам Асланович | 1. ВАЗ 2110 2003 г.в. | 1. ВАЗ 217030 |
| 4. | Емкужев Алим Галиевич | 1. Мерседес бенс w240 1999 г.в. | 1. ГАЗ 33021 1997 г.в. |

**РЕГИОНАЛЬНОЕ ОТДЕЛЕНИЕ ВСЕРОССИЙСКОЙ ПОЛИТИЧЕСКОЙ ПАРТИИ «СОЮЗ ТРУДА» В КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКЕ**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результаты проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о доходах** | | | |
| 1. | Кочесоков Азамат Нажмудинович | 1. Министерство труда и социального развития КБР 240000 руб. | 1. Министерство труда и социального развития КБР 276589 руб. |
| 2. | Бердова Мадина Исуфовна | 1. Министерство труда и социального развития КБР 80000 руб. | 1. Министерство труда и социального развития КБР 85579 руб. |
| 3. | Саральпова Муза Нургалиевна | 1. ООО «Фатимат» 131000 руб. | 1. ООО «Фатимат» 60000 руб. |
| 4. | Аппаев Султан Адикович | Сведения отсутствуют | 1. ООО «Конфианц» 12500 руб.<br>2. ООО КБ реском профсоюза работников лесных отраслей 18000 руб.<br>3. КБРО ВПП «ЕДИНАЯ РОССИЯ» 30495 руб. |
| 5. | Юдина Ирина Вячеславовна | 1. Объединение организаций профсоюзов КБР 200000 руб. | 1. Объединение организаций профсоюзов КБР 274803 руб.<br>2. ФГБОУ ВПО «Северо - Кавказский государственный институт искусств» 4673 руб.<br>3. ООО «Газета юга» 3000 руб. |
| 6. | Тогузаева Асият Хусейновна | Сведения отсутствуют | 1. ДК Профсоюзов 174008 руб. |
| 7. | Яськова Ольга Викторовна | 1. Республиканский комитет профсоюза работников здравоохранения 328800 руб. | 1. Республиканский комитет профсоюза работников здравоохранения 1615272 руб. |
| **Сведения о транспортных средствах.** | | | |
| 1. | Кучмезов Мухарбек Хасанович | 1. БМВ 745 L1 2002 г.в. | 1.БМВ 745 L1 2002 г.в.<br>2. ГАЗ 322132 |
| 2. | Унажокова Марина Борисовна | Сведения отсутствуют | 1. ВАЗ 111930 2012 г.в.<br>2. ВАЗ 217030 2011 г.в. |

**Кабардино-Балкарское региональное отделение политической партии «Российская объединенная демократическая партия «ЯБЛОКО»**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результаты проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о доходах** | | | |
| 1. | Гадиев Таукан Шиллиевич | 1. ОАО «Гидрометаллург» 229262 руб. | 1. ОАО «Гидрометаллург» 222532 руб. |
| 2. | Занкишиева Мариям Ибрагимовна | 1. ГБУЗ «ЦРБ» Черекского района 80575 руб. | 1. ГБУЗ «ЦРБ» Черекского района 72014 руб.<br>2. МКОУ СОШ с.п. В. Жемтала 3603 руб. |
| 3. | Тяжгова Марианна Арсеновна | 1. ООО «Алика-К» 30173 руб. | 1. ООО «Аромалюкс» 34216 руб.<br>2. ОАО «ОТП Банк» 3603 руб. |
| 4. | Бечелова Марианна Валериевна | Сведения отсутствуют | 1. КБГУ им Х.М. Бербекова 10410 руб. |
| 5. | Куашев Тимур Хамбиевич | Сведения отсутствуют | 1. МОО ПЦ «Мемориал» 57000 руб. |

**Региональное отделение политической партии «СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ» в Кабардино-Балкарской Республике**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результаты проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о транспортных средствах** | | | |
| 1. | Хамжуев Владимир Каральбиевич | 1. ВАЗ 2107 2009 г.в. | 1. ВАЗ 2107 2009 г.в.<br>2. ВАЗ 210740 2002 г.в. |

**Кабардино-Балкарское региональное отделение политической партии «Коммунистическая партия Российской Федерации»**

| № п/п | ФИО кандидата | Заявлено кандидатом | Результаты проверки |
|---|---|---|---|
| **Сведения о транспортных средствах** | | | |
| 1. | Канаметов Замир Хачимович | 1. ВАЗ 21103 2004 г.в. | 1. ВАЗ 21103 2004 г.в.<br>2. Иж 2715 1992 г.в.<br>3. БМВ 520 1983 г.в. |
| 2. | Пилов Заурбек Ауесович | 1. Тойота H1GHLANDER 2008 г.в. | 1. Тойота H1GHLANDER 2008 г.в.<br>2. ГАЗ 31029 1995 г.в. |
| 3. | Жолабов Магомед Локманович | 1. Мерседес бенц 1986 г.в. | 1. Мерседес бенц 1986 г.в.<br>2. Уаз 31512 1996 г.в. |

## ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*8 августа 2014 г. №88/6-5 г. Нальчик*

**О внесении изменений в Список лиц, исключённых из резерва составов участковых комиссий Кабардино-Балкарской Республики постановлением Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 1 августа 2014 года № 86/3-5 «Об исключении из резерва составов участковых комиссий Кабардино-Балкарской Республики»**

В соответствии с пунктом 10 статьи 23, пунктом 5.1 статьи 27 Федерального закона от 12 июня 2002 года №67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», пунктом 25 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5декабря 2012 года №152/1137-6, Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. Внести в Список лиц, исключенных из резерва составов участковых комиссий Кабардино-Балкарской Республики постановлением Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 1 августа 2014 года №86/3-5 «Об исключении из резерва составов участковых комиссий Кабардино-Балкарской Республики» следующее изменение:

«Курданова Зухра Исмаиловна» заменить на «Курданова Зухра Кемаловна».

2. Направить настоящее постановление в Эльбрусскую территориальную избирательную комиссию.
3. Настоящее постановление разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

**Председатель Избирательной комиссии В. М. ГЕШЕВ**
| 8. | Городской округ Прохладный | 18 | №233, №234, №235, №236, №237, №238, №239, №240, №241, №242, №243, №244, №245, №246, №247, №248, №249, №252 |
| 9. | Терский муниципальный район | 11 | №254, №255, №256, №257, №258, №260, №261, №263, №270, №274, №275 |
| 10. | Урванский муниципальный район | 12 | №282, №283, №286, №291, №292, №293, №294, №295, №296, №297, №298, №299 |
| 11. | Чегемский муниципальный район | 9 | №303, №304, №305, №307, №308, №309, №311, №313, №314 |
| 12. | Черекский муниципальный район | 6 | №318, №319, №320, №321, №331, №333 |
| 13. | Эльбрусский муниципальный район | 5 | №337, №343, №347, №351, №354 |
| | **Итого**: | **141** | |

## ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*15 августа 2014 г.* *№ 89/12-5* *г. Нальчик*

**Об определении избирательных участков, для которых изготавливаются специальные трафареты для самостоятельного заполнения бюллетеня избирателями, являющимися инвалидами по зрению**

В соответствии с частью 2-1 статьи 60 Закона Кабардино-Балкарской Республики от 5 августа 2008 года №56-РЗ «О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики», Рекомендациями по обеспечению избирательных прав граждан, являющихся инвалидами, при проведении выборов депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва, утвержденными постановлением Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики от 26 июня 2014 года №79/7-5, с учетом рекомендаций Кабардино-Балкарской региональной организации Общероссийской общественной организации инвалидов «Всероссийское Ордена Трудового Красного Знамени общество слепых» и предложений территориальных избирательных комиссий Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. Определить перечень избирательных участков, образованных на территории Кабардино-Балкарской Республики для проведения выборов депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва, для которых изготавливаются специальные трафареты для самостоятельного заполнения избирательного бюллетеня избирателями, являющимися инвалидами по зрению (прилагается).

2. Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики обеспечить своевременное изготовление и направление в территориальные избирательные комиссии трафаретов для голосования избирателей, являющихся инвалидами по зрению.

3. Председателям территориальных избирательных комиссий Кабардино-Балкарской Республики передать в участковые избирательные комиссии необходимое количество трафаретов, указанных в пункте 1 настоящего постановления.

4. Направить настоящее постановление в территориальные избирательные комиссии.

5. Настоящее постановление опубликовать в средствах массовой информации и разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

6. Контроль за выполнением настоящего постановления возложить на секретаря Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики И. А. Атмурзаеву.

**Председатель Избирательной комиссии В. М. ГЕШЕВ**
**Секретарь Избирательной комиссии И. А. АТМУРЗАЕВА**

*Приложение*
*к постановлению Избирательной комиссии*
*Кабардино-Балкарской Республики*
*от 15 августа 2014 года № 89/12-5*

**Перечень избирательных участков, образованных для проведения выборов депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва, для которых изготавливаются специальные трафареты для самостоятельного заполнения избирательного бюллетеня избирателями, являющимися инвалидами по зрению**

| № п/п | Наименование муниципального района, городского округа | Общее количество трафаретов | Номера избирательных участков |
|---|---|---|---|
| 1. | Баксанский муниципальный район | 20 | №7, №12, №13, №14, №20, №21, №23, №25 |
| 2. | Городской округ Баксан | 15 | №27, №29 |
| 3. | Зольский муниципальный район | 20 | №50, №51, №54, №56, №61, №63, №65 |
| 4. | Лескенский муниципальный район | 20 | №68, №75, №77, №78 |
| 5. | Майский муниципальный район | 30 | №79, №81, №82, №83, №84, №85, №86, №88, №89, №90, №91, №92, №93, №94, №95, №96 |
| 6. | Городской округ Нальчика | 40 | №108, №130, №135, №141, №142, №143, №145, №146, №148, №152, №155, №156, №161, №164, №183, №184, №187, №189, №193, №197 |
| 7. | Прохладненский муниципальный район | 40 | №202, №204, №207, №208, №209, №211, №212, №216, №217, №218, №221, №222, №223, №224, №225, №226, №227, №228, №229, №230 |
| 8. | Городской округ Прохладный | 30 | №233, №234, №235, №236, №237, №238, №239, №240, №241, №242, №243, №244, №245, №246, №247, №248, №249, №252 |
| 9. | Терский муниципальный район | 15 | №254, №255, №256, №257, №258, №260, №261, №263, №270, №274, №275 |
| 10. | Урванский муниципальный район | 20 | №282, №283, №286, №291, №292, №293, №294, №295, №296, №297, №298, №299 |
| 11. | Чегемский муниципальный район | 20 | №303, №304, №305, №307, №308, №309, №311, №313, №314 |
| 12. | Черекский муниципальный район | 15 | №318, №319, №320, №321, №331, №333, |
| 13. | Эльбрусский муниципальный район | 15 | №337, №343, №347, №351, №354 |
| | **Итого**: | **300** | |

## ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*15 августа 2014 г.* *№89/14-5* *г. Нальчик*

**Об исключении кандидата в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва из зарегистрированного списка кандидатов, выдвинутого Региональным отделением Политической партии СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ в Кабардино-Балкарской Республике**

В соответствии с частью 1 статьи 39 Закона Кабардино-Балкарской Республики от 5 августа 2008 года №56-РЗ «О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики», на основании письменного заявления кандидата в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва Яковенко Людмилы Валерьевны, Избирательная комиссия Кабардино-Балкарской Республики **постановляет**:

1. Исключить Яковенко Людмилу Валерьевну (№33), из зарегистрированного списка кандидатов в депутаты Парламента Кабардино-Балкарской Республики пятого созыва, выдвинутого Региональным отделением Политической партии СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ в Кабардино-Балкарской Республике.

2. Опубликовать настоящее постановление в средствах массовой информации и разместить в сети Интернет на сайте Избирательной комиссии Кабардино-Балкарской Республики.

**Председатель Избирательной комиссии В. М. ГЕШЕВ**
**Секретарь Избирательной комиссии И. А. АТМУРЗАЕВА**






# ЙофIакIуэ ди лъахэр, зеужь Къэбэрдей-Балъкъэрым





**(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)**

Эстрадно-духовой оркестрым и макъамэм къызэхуишэсар нэхъыжьыIуэхэрами, ар гуапэ дыдэ хъуат. «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» зыфIаща концертым тхыдэ зиIэ хъуа макъамэхэри иджырейхэри хагъэхьат.

Налшык дэт «Эрудит», «Нарат» центрхэр сабийр хэкупсэу къэхъуным зэрытелажьэм и щыхьэтт гуфIэгъуэ махуэшхуэм иращIэкIа Iуэхухэр. Абыхэм пшыхь, джэгукIэ, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр щекIуэкIащ, школ кIуэгъуэм нэмыса цIыкIухэм я япэ сурэт лэжьыгъэхэри утыку кърахьащ.

«Лъахэм и макъамэхэр» зыфIаща пшыхьым налшыкдэсхэр щызэхуишэсащ «Восток» киногъэлъэгъуапIэм и гупэм. Ахэр едэIуащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр зыхэт «Эстафета» хорым игъэзащIэ уэрэдхэм. Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм дежи щекIуэкIащ «Гъагъэ, си республикэ!» сабий зэхыхьэр. Апхуэдэ пшыхьхэри КъБР-м и артист пажэхэр зыхэта Iуэхугъуэхэри щекIуэкIащ Хьэсэней, Белая Речкэ жылагъуэхэми.

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр щагъэлъэпIа пшыхь нэхъыщхьэр пщыхьэщхьэм щекIуэкIащ Театр ЩхъуантIэм. Сыт щыгъуи хуэдэу, утыкур игъэдахэу «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къафэ хьэлэмэтхэмкIэ къызэхуэсахэр игъэгушхуащ.

Пшыхьым кърихьэлIащ КъБР-м и Iэташхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий, апхуэдэуи куэдым ягъэщIэгъуауэ ди хьэщIащ, Налшык къалэ и махуэшхуэр къыддаIыгъащ Амман къалэм и унафэщI Бельтаджи Акел зи пашэ лIыкIуэхэм. Абыхэми ди цIыхухэми ялъэгъуащ «Кабардинка», «Тэрч къэзакъхэр», «Балкария» ансамблхэм я къафэхэр, щIэдэIуащ Сокъур Ольгэ, Нэхущ Чэрим, Абэнокъуэ Рустам, Текуев Амур, Теппеев Алим, Руссо Авраам сымэ ягъэзэщIа уэрэдхэм.

Къурш лъэщхэм, псыежэх уэрхэм, удз гъэгъа гуакIуэхэм, къуалэбзу дахэхэм, цIыху гуапэхэм я лъахэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефIакIуэу, зиужьу, къытекIуэ щымыIэ щIыналъэу сыт щыгъуи щытыну ди гуапэщи, фIым я фIыжкIэ дыхуохъуахъуэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр* **Толгуров Камал** *трихащ.*



# Налшык. Лъагъуныгъэм и тхыдэ

**Налшык илъэс 290-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр республикэм и къалащхьэм щекIуэкIащ. ЗэIущIэ гуапэхэм я щIэдзапIэт Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм къыщызэIуаха «Налшык. Лъагъуныгъэм и тхыдэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр.**

**● Гъэлъэгъуэныгъэхэр**



АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ икIи ирагъэкIуэкIащ Налшык къалэ администрацэм, СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Facebook социальнэ сайтым щызэрыгъуэту «Был такой город Нальчик» проектыр къыхэзылъхьа гупым. А гупыр зэзыгъэуIуари мы Iуэхур къезыхьэжьари зи IэщIагъэкIэ юрист Жэбалы Эльвирэщ.

Гъэлъэгъуэныгъэм цIыху куэд кърихьэлIащ. Жьыми щIэми сурэтхэр зэпаплъыхьащ, яфIэгъэщIэгъуэну, къалэм и блэкIам зыщагъэгъуазэу. КърихьэлIахэм телъыджэ ящыхъуащ фIыуэ ялъагъу къалэм зэрызиужьар къызэрыщ сурэтхэр. Куэдым я адэшхуэхэр, анэшхуэхэр, я цIыхугъэхэр сурэтхэм къыщацIыхужащ, къалэм, республикэм я зыужьыныгъэм телэжьа цIыху цIэрыIуэхэм я сурэтхэри щIэщыгъуэ ящыхъуащ. Выставкэм хагъэхьащ Налшык къалэм и тхыдэр къызэрыщ сурэти 130-м щIигъу, унагъуэ куэдым я фотоальбомхэри щIыгъуу.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэттеххэм я лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуат Налшык къалэм и уэрамхэм, утхэм, псыутххэм, гуэлхэм, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, абы и Iэгъуэблагъэм ит хьэщIэщхэм я теплъэхэр, абыхэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр, къалэдэсхэм я зыхуэпэкIэр, псэукIэр. Сурэтхэм еплъ дэтхэнэми гу лъитэнущ Налшык къалэм куэдкIэ зэрызихъуэжам, зэрефIэкIуам. ГъэщIэгъуэнщ нэхъапэм щыIа бэзэрхэр, зэхыхьэхэр къызэрыщ сурэтхэри.



Гъэлъэгъуэныгъэм куэду хагъэхьащ зауэ нэужь зэманым траха сурэтхэри. Абыхэм щыболъагъу цIыхухэм я гугъапIэр, щIыналъэр зэрызэфIагъэувэжым и дамыгъэ хъуа ухуэныгъэхэр, илъэс зэхуэмыдэхэм къалэм щекIуэкIа гъащIэр.

Сурэтыжьхэр зэхуахьэсауэ зэрагъэлъагъуэм и мыхьэнэм теухуауэ къэпсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Испанием щыпсэу ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэ КIыщ Мухьэдин, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Темыркъан Геннадий, нэгъуэщIхэри.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIащ республикэм и сурэттеххэр, сурэтыщIхэр, гъуазджэм, щэнхабзэм дихьэххэр, Налшык къалэр фIыуэ зылъагъухэр. Абыхэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

# Гъэ еджэгъуэщIэм щIедзэ

**Ди республикэм и еджапIэхэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ фокIадэм и 1-р. ЩIэныгъэхэм я махуэм гуфIэгъуэ зэхыхьэ щекIуэкIахэм ящыщщ Налшык дэт 14-нэ гимназиери.**



ШКОЛ бжэIупэм щызэхуэса сабийхэм удз гъэгъахэр яIыгът, абы и пщIантIэри ягъэщIэрэщIат шархэмрэ нып зэмыфэгъухэмкIэ, гуфIэгъуэ макъамэми гур игъэинырт. А псори ящIэщыгъуэт япэ классым щIэтIысхьа цIыкIухэм.

Зэхыхьэм зыкърагъэхьэлIат Налшык къалэ администрацэм физическэ культурэмкIэ спортымкIэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бузд Беслъэн, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым и IэщIагъэлI Теттуев Аслъэн, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм.

ЗэIущIэр къызэIуихащ гимназием и унафэщI Жамборэ Риммэ.

- ЩIэныгъэхэм я махуэм хуэгъэпса ди гуфIэгъуэ зэхуэсым кърихьэлIа псоми сынывохъуэхъу гъэ еджэгъуэщIэмкIэ, - жиIащ Жамборэм. - ЕджакIуэ псоми - нэхъыжьхэми нобэ школ бжэщхьэIум япэу ебакъуэ цIыкIухэми - щIэныгъэм и гъуэгум ехъулIэныгъэхэр фыщиIэну, фефIэкIуэну си гуапэщ. КъэкIуэнур зейр фэращ, дызыщыгугъри фэращ. Адэ-анэхэми зыфхуэзгъэзэнщи, фи бынхэм я гуфIэгъуэ куэд флъагъуу фыпсэуну Тхьэм жиIэ.

Жамборэ Риммэ апхуэдэу къыхигъэщащ япэ классым къэкIуа цIыкIухэр щIэныгъэм дихьэхын, абыхэм цIыху щыпкъэ къахэкIын папщIэ ялъэкI къызэрамыгъэнэнур.

Бузд Беслъэнрэ Теттуев Аслъэнри ехъуэхъуащ зэхыхьэр зращIэкIхэм икIи къыхагъэщащ абыхэм лъэпкъми къэралми яхуэфэщэн цIыху къахэкIыну зэращыгугъыр.

ЕджакIуэ цIыкIухэр усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаIащ, зэхыхьэр щIэщыгъуэ ящIу.

2014 гъэм и япэ уэзджынэр ину икIи гур хигъахъуэу кърагъэуащ мы гъэм 11-нэ классым щIэс, зэпеуэ, зэхьэзэхуэ куэдым щытекIуа КIасэ Амалрэ 1-нэ классым къыщIэтIысхьа сабиитIымрэ.

Апхуэдэу уафэгум драгъэлъэтеящ шар зэмыфэгъухэмкIэ гъэщIэрэщIа уэзджынэ зэщIэпщIыпщIэр, щIэныгъэ куу зэрызрагъэгъуэтынум, дуней псом фIыкIэ зыкърагъэщIэну зэрамурадым я нэщэнэу.

**ТАБЫЩ Динарэ.**

*Сурэтыр* **Хьэмырзэ Заретэ** *трихащ.*



• Абы дегъэпIейтей

# Бзэм и лъабжьэр унагъуэрщ здэщыIэр

**«Адыгэ псалъэ» газетым анэдэлъхубзэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр къытридзэ тхыгъэ купщIафIэхэм къагъэлъагъуэ. Иужьрей зэманхэм бзэм теухуауэ псалъэмакъ щхьэпэ куэд къокIуэкI. Я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ къыддогуашэ IэщIагъэлIхэр, политикхэр, егъэджакIуэхэр, щIэджыкIакIуэхэр. Дызэрыт зэманым анэдэлъхубзэм ди гъащIэм щиIэ мыхьэнэм зэхъуэкIыныгъэ тэмэм хэлъхьэн зэрыхуейрщ абыхэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэтыр. Мы тхыгъэмкIэ сэри сыхуейт си Iуэху еплъыкIэр фи пащхьэ ислъхьэну.**

БЛЭКIА зэманым щыIа псэукIэм ущыгъуазэмэ, къэкIуэнур нэхъыфIу пщIэнущ. Дэтхэнэ зы адыгэми хуэдэу, сэри гууз-лыуз ди бзэм, хабзэм, нэмысым хузиIэщ. ЗэгуэхыпIэ ямыIэу ахэр зэпхащ. Сэ къызолъытэ зи бзэм ирипсэлъэну зэзымыпэс цIыхум деж хабзи нэмыси къыщIыщыплъыхъуэн щымыIэу.

Къыхэгъэщыпхъэщ бзэм и Iуэхум псом хуэмыдэу нэхъыжьхэр дызэригъэпIейтейр, сыту жыпIэмэ, ар «щIакъуэ хъуащи» щыхупIэм нэсынкIэ хъунущ. Бзэр псэм щыщщ, зэхэпфыщIэ, уриджэгу хъунукъым.

Дызэрыт зэманымрэ илъэс 60 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжрэ цIыхухэм я псэукIамрэ зэбгъапщэмэ, икъукIэ зэщхьэщокI икIи абы куэдым урегъэгупсыс.

Сыт хуэдэ псэукIэ яIар цIыхухэм, дауэ яхуэу щыта унэ лъапсэр, хадэ зехьэныр. Унэ пщIыныр сытым щыгъуи Iуэху тыншу щытакъым. Ауэ жаIакъым: «Удын зэхэдзэ нэхърэ - Iыхьэ зэхэдзэ». Унэ лъабжьэм щегъэжьауэ сэху текIэжыным нэсыху щIыхьэху защIэкIэ зэфIагъэкIыу щытащ ар. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэ хьэлъэ дыдэт ятIэ чырбыш гъэжыныр. ЩIыхьэхум къыхыхьэхэрт гъунэгъухэр, ныбжьэгъухэр, Iыхьлы-благъэхэр. Апхуэдэу зэфIагъэкIырт псэуалъэ щIынри, зыхуэзэфIэмыкI унагъуэхэм я хадэ къэтIынри, бжыхь хунри. Арыншэу зы унагъуи щыIэтэкъым а лэжьыгъэ хьэлъэ къомыр я къару закъуэкIэ зэфIагъэкIыжыфыну.

Сэ Псыгуэнсу (Жэнхъуэтхьэблэ) къуажэм сыкъыщалъхуащ. Мэзыр зэрытпэгъунэгъум и фейдэ куэд ди къуажэдэсхэм къыдэкIырт. Псалъэм папщIэ, пхъащхьэхэр, бжэгъухэр, гъэсыныпхъэхэр, хадэхэр къызэрахухь чыхэр къыщIашырт. Чий ящIырти, ар Ставрополь куейм щащэрт, гъавэкIэ къыщахъуэжырт. Пщыхьэщхьэ хъуарэ цIыхухэм я Iуэхухэр зэфIагъэкIамэ, я куэбжэпэхэм деж щитIысыкIырти, ялэжьа-ялъэгъуахэм тепсэлъыхьыжырт, нэхъыжьхэм жаIэхэм нэхъыщIэхэм я тхьэкIумэхэр тегъэхуауэ едаIуэрт.

А псор сигу къыщIэкIыжар, япэрауэ, дэтхэнэ зы Iуэхури узэгурыIуэрэ узэгъусэмэ зэфIэбгъэкIыфынущ. ЕтIуанэу, цIыхухэр гуп-гупурэ зэдэуэршэру, зэдэгушыIэу, я бзэр сытым щыгъуи яIурымыкIыу зэрыщытаращ. А зэманым бзэр бгъунлъэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, гъащIэм апхуэдизкIэ хэпщати. Сэ сызыщIэса 1-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дыщезыгъаджэу щыта Хьэсанэ Хьэбашэ Хъерлы и къуэр фIыкIэ куэдрэ сигу къокIыж. Ар бзэмкIэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэт. Абы и урокхэм ущыщIэсым деж уемыдэIуэн пхузэфIэкIынутэкъым, зытепсэлъыхь Iуэхум апхуэдизкIэ жьакIуэу, шэрыуэу ухишэрти, кIуэаракъэ, гъэныщкIуауэ уи жьэм къыжьэдилъхьэ хуэдэт, егъэхын фIэкIа хуэмейуэ.

Нобэ дызыхуэкIуа зэманым ди псэукIэм зихъуэжащ. Ди гъащIэм лъэ быдэкIэ къыхыхьащ телевизорыр, компьютерыр, интернетыр, телефоныр. Абыхэм цIыхубэр дахьэхри, ди бзэр куэдкIэ нэхъ IэщIыб ящIащ, нэхъыбэм я бзэм ирипсэлъэн къатехьэлъэу къысщохъу.

Бзэм теухуауэ сыт хуэдиз псалъэмакъ къедмыгъэкIуэкIми, еджапIэм зэрыщеджэн хуей тхылъхэр куэду къыдэдгъэкIми, бзэр унагъуэм щызэмыкIуэмэ, псори мэлъэлъэж. Унагъуэм ис псори я бзэмкIэ зэпсалъэмэ, сабийм ар тыншу къызэрищтэнур, зэрищIэнур хэт и дежкIи гурыIэгъуэщ. Шэч лъэпкъ хэлъкъым сабийм и бзэр зыхуэкъутауэ, зыхуэшэрыуэу щытынур езым и тхьэкIумэм нэхъыбэрэ къиIуэ бзэр аращ.

КIэщIу жытIэнщи, езы адэ-анэхэм бзэр ягъэшэрыуэн хуейщ я быныр адыгэбзэм къабзэу ирипсэлъэфын папщIэ. ЕджапIэхэм нэхъыбэрэ егъэблэгъэн хуейщ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуэ нэхъыжьхэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэр, бзэм и мыхьэнэмкIэ щIэблэм чэнджэщ иратын папщIэ.

ЕджапIэхэм нэхъыбэрэ щегъэкIуэкIыпхъэщ: бзэмкIэ, хабзэмкIэ, тхыдэмкIэ зэпеуэхэр, уеблэмэ абыхэм зэрыхащIыкIымкIэ унагъуэхэри зэхьэзэхуэ хъунущ.

Бзэр щымыIэжмэ, лъэпкъи щыIэжкъым. Ди бзэм хуэтщI пщIэр здынэсыр къэбгъэлъэгъуэн папщIэ, щапхъэхэр гъунэжщ. ЕджапIэхэм, IуэхущIапIэхэм, лэжьапIэхэм, бээрхэм, тыкуэнхэм, нэгъуэщI цIыху зэхуэсыпIэхэм псори докIуэ икIи, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым нэхъыбэр зэрыпсалъэр зэрыурысыбзэм. Сэ срихьэлIащ мыпхуэдэ: маршруткэм исщ зэанэзэпхъу. Анэм тхылъыр къызэIуихауэ и куэщIым ис хъыджэбз цIыкIум жреIэ: «Смотри, доча, мыр кэровэщ, мыр лошадщ, мыр орелщ». ФIэщхъугъуейщ зи бзэр апхуэдэу фIэкIа зымыщIэ анэм и пхъум адыгэбзэр щIэх къищтэну. Фэ куэдрэ фрихьэлIэу пIэрэ адыгэ къулыкъущIэхэр лэжьапIэхэм я бзэкIэ щызэпсалъэу.

Адыгэбзэр ЕГЭ-м хагъэхьэну унафэ къащтэну жаIэ, ауэ бзэр баштекъузэкIэ егъэщIа хъуну си фIэщ хъуркъым. Адэ-анэ куэдым уарохьэлIэ адыгэбзэр сабийм къытехьэлъэну, и щIэныгъэм лъахъэ хуэхъуну къальытэу. ЕджапIэм и унафэщIым деж къэкIуащ зы щIалэ цIыкIу гуэрым и адэ-анэр икIи къелъэIуащ я къуэм адыгэбзэр иджыну хамыгъэзыхьыну. Тхьэмадэр зи гугъу ящIа еджакIуэм щеупщIым абы мыпхуэдэ жэуап къритащ: «Сэ къыстехьэлъэркъым адыгэбзэр, седжэнуи сыхуейщ». Апхуэдэ адэ-анэхэм къагурыIуэркъым егъэлеяуэ зэрыщыуэр.

Алыхьым и шыкуркIэ, дэ ди лъэпкъым къыхэкIауэ диIэщ дызэрыгушхуэ цIыху щэджащэхэр, еджагъэшхуэхэр, къулыкъущIэхэр, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуахэр. Абыхэм ящыщщ: Къалмыкъ Юрэ, Темыркъан Юрэ, Дохъушокъуэ Мусэ, Иуан Пётр, Нэхущ Iэдэм, Хъуэкъуэн Мурат, н.къ. Си гугъэщ ахэр псоми яцIыхуу. ЛъагапIэхэм нэсын папщIэ абыхэм сэбэп къахуэмыхъуамэ, и зэран къекIауэ си гугъэкъым бзэр, тхыдэр, хабзэр, нэмысыр фIы дыдэу зэращIэр.

Дызэрыт зэманым гугъущ егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр, сыту жыпIэмэ адэ-анэ куэд щыIэщ сабийр зэрагъэпэщрэ еджапIэм ягъакIуэмэ, абыкIэ езыхэм я къалэнхэр зэфIэкIыу. Дауэ егъэджакIуэм сабийм бзэр нэсу зэрыригъэщIэнур, абы сыхьэти 3 - 4 фIэкIа зы тхьэмахуэм хуэзэу хухамыхмэ?

Анэдэлъхубзэм хуэтщI гулъытэр кърипщIэну урикъунщ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм, «Адыгэ псалъэм», и тиражыр кIуэ пэтми зэрехуэхым. Илъэси 9 и пэкIэ тиражыр мин 12 хъууэ щытамэ, нобэ мини 3-м щIигъущ зэрыхъужыр. Язынықъуэхэм тегъэщIапIэ ящIыр тэмэму къызэрыхуамыхьырауэ. Сэ ар си фIэщ хъуркъым, атIэ къафIэмыIуэхуу аращ. «Адыгэ псалъэм» ди гъащIэм щиIэ мыхьэнэр ар къызыхуэкIуэ дэтхэнэ зыми къыгуроIуэ. Иужьрей къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, адыгэхэр мин 516-рэ дохъу. ЦIыху бжыгъэр унагъуэхэм ятебгуашэмэ (зы унагъуэм ику иту цIыхуи 4 щIэсу тщIымэ), унагъуэ мини 129-рэ ирокъу. Ар нобэ диIэ тиражым тепщIыхьмэ, унагъуэ 27-рэ къэскIэ зы «Адыгэ псалъэ» газет яIэрыхьэу аращ. КIэщIу жыпIэмэ, хьэблэ къэс зы газет ялъос.

Дэтхэнэ балигъми ди къалэнщ щIэблэм щIэныгъэ тэмэм едгъэгъуэтыным сыт щыгъуи дытелэжьэну. ЩIэблэращ къэкIуэнур зейр.

**БЭЧ Iэниуар.**

• Бахъсэн щIыналъэ

## Зэманым декIу унафэщI

**Лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун цIыхухэм ящыщщ Сабий творчествэмкIэ центру Бахъсэн щIыналъэм щыIэм и унафэщI Щоджэн Аслъэн Iэуес и къуэр. Абы и дуней тетыкIэм щыгъуазэ, и Iуэху бгъэдыхьэкIэр зыщIэ дэтхэнэри арэзы къыздэхъуну къысщохъу ар жэуаплыныгъэ пылъу сыт хуэдэ къалэнри зыгъэзащIэ цIыху емызэшу зэрыщытымкIэ.**

ЩОДЖЭН АСЛЪЭН нобэрей зэманым декIу унафэщIщ, «псалъэр мащIэрэ Iуэхур нэхъыбэу» къыхуеджэныгъэм щIэту мэпсэу. Сыт хуэдэ щытыкIэ гугъу къимыхутами, къыпэщыт къалэныр зэрызэфIихын хэкIыпIэхэр къегъуэтыф, дэтхэнэ Iуэхуми езым и еплъыкIэ хуиIэжщ. Апхуэдэ хьэлымрэ зыпэрыт Iэнатiэр фIыуэ зэрилъагъумрэщ ар лъагапIэщIэхэм хуэзышэр. Абы и щыхьэтщ Аслъэн къыхуагъэфэща щIыхь, фIыщIэ тхылъ зэхуэмыдэхэр.

Куэдрэ къысхуохуэ Щоджэным иригъэкIуэкI зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэм сыхэтыну. Удихьэхыу икIи щIэщыгъуэу абы къызэрегъэпэщ IэпщIэлъапщIагъэм, къафэм, IуэрыIуатэм, адыгэ хабзэм ятеухуа зэхьэзэхуэхэр. Ди сабийхэр апхуэдэ зэпеуэхэм хэтыху я къэухьым нэхъ зеужь. НыбжьыщIэхэр лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм щытепсэлъыхь зэхыхьэхэм нэхъ дахьэх. Аслъэни абы гу лъитащи, апхуэдэ зэпеуэхэр нэхъыбэу зэрызэхишэным хущIокъу.

Еш имыщIэу зи зэфIэкIым зезыгъэужь, ищIэмкIэ сыт щыгъуи къыбдэгуэшэну хьэзыр унафэщIыр и лэжьэгъухэм я дежкIи щапхъэщ. И акъылкIэ, и IэнатIэм зэрыхуэIэижьымкIэ абы къилэжьыжащ жылагъуэм щиIэ пщIэ лъагэр.

Аслъэн фIыщIэшхуэ худощI емызэшу сабийхэм зэрадэлажьэм, лъэпкъ щэнхабзэм, тхыдэм щыгъуазэу ахэр къэхъунымкIэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыригъэкIуэкIым папщIэ.

**БЖЭНЫКIЭ Регинэ.**
*Кыщпэк къуажэ.*

• Дзюдо

## Дыжьыныр зи Iэрылъхьэхэр

**ЦIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ дзюдомкIэ я дунейпсо чемпионат Челябинск щекIуэкIащ. Абы хэтащ ди лъахэгъуахэу Мудрэн Беслъэн, Джэданэ Алим, Хьэбэчыр Мурат, Къамбий Аслъэн сымэ.**

ХЪЫБАР зэрывэдгъэщIащи, зэхьэзэхуэм и япэ махуэм килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я щхьэзакъуэ зэпеуэм Мудрэн Беслъэн дыжьын медалыр къыщихьащ. Абы зэрыригъэжьам хуэдэу адрейхэми ирагъэкIуэкIащ. Ди къэралым и спортсменхэм чемпион хъун зыри къахэкIакъым.

Зэхьэзэхуэм и иужь махуэм къэралхэм я командэ къыхэхахэр зэпеуащ. Урысей Федерацэм и щIыхьыр зыхъума ди щIалэхэр зыхэта гупыр финалым нэсащ икIи япэ зэIущIитIыр я текIуэныгъэкIэ иухри, 2:0-у япэ ищат. Абы гугъэ уигъэщIырт дыщэ медалхэр иджы яIэрыхьэну. АрщхьэкIэ Японием и дзюдоистхэм зызэщIакъуэжащ икIи къэна зэIущIитIри къахьри, чемпионыгъэр зыIэрагъэхьащ. Псом хуэмыдэу гуащIэ хъуащ иужь зэпэщIэтыныгъэр. Хьэлъагъ нэхъ ин дыдэ зиIэхэм я зэпеуэм щызэпэщIэуват Къамбий Аслъэнрэ япон пелуанымрэ. Жагъуэ зэрыхъущи, ди лъахэгъур къыхагъэщIащ икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ Урысей Федерацэм дыщэ медалхэр IэщIэкIащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

• Футбол

## ДзыхьмыщI Марат «Мэшыкъуэм» зыкърегъэIэт

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым фокIадэм и 1-м щекIуэкIа джэгугъуэм «Спартак-Налшыкыр» хэтакъым. Ар къагъэсэбэпри, абы и хьэрхуэрэгъухэр япэ къищащ.**

СТАВРОПОЛЬ и «Динамо ГТС»-м и стадионым бжыгъэшхуэкIэ, 3:0-у, щыхигъэщIащ Нэзрэн и «Ангушт»-р. Абы и фIыгъэкIэ хэгъэрейхэм зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ.

«Динамо-ГТС»-м пашэныгъэр деугуэш «Таганрог»-м. Ар абы и закъуи иубыдыфынут, ди лъахэгъу ДзыхьмыщI Марат мыхъуатэмэ. Адыгэ щIалэм дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ ар зыхэт «Мэшыкъуэр» 1:1-уэ «Таганрог»-м дэджэгуащ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, тхьэмахуэ и пэкIэ зэхэта зэIущIэми псыхуабэдэсхэр Астрахань щыIэу тезыгъэкIуари «Спартак-Налшыкым» нэхъапэм хэта ДзыхьмыщIым я хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIа топыращ (2:1).

Нэхъ зыкъиужьыжу хуежьащ Волгоград и «Ротор»-ми. Абы Мэхъэчкъалэ икIа «Анжи-2»-р 2:1-уэ хигъащIэри ещанэ увыпIэр иубыдащ.

«Спартак-Налшыкыр» зэкIэ еплIанэщ. АрщхьэкIэ, япэ ища и хьэрхуэрэгъухэм елъытауэ, абы зы джэгугъуэкIэ нэхъ мащIэ иригъэкIуэкIащ икIи Iуэхур иригъэфIэкIуэжыну Iэмал хъарзынэ иIэщ.

Зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр къыщихьащ «Алания»-м. Грознэ къалэм щыIэу ар 2:1-уэ «Тэрч-2»-м ефIэкIащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр фокIадэм и 7-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» Грознэ и «Тэрч-2»-р къригъэблэгъэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и "Ипщэ" зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Динамо-ГТС» | 4 | 2 | 2 | 0 | 5-1 | 8 |
| 2. «Таганрог» | 4 | 2 | 2 | 0 | 4-2 | 8 |
| 3. «Ротор» | 4 | 2 | 1 | 1 | 6-5 | 7 |
| 4. «Спартак-Налшык» | 3 | 2 | 0 | 1 | 8-3 | 6 |
| 5. «Ангушт» | 4 | 1 | 1 | 2 | 4-7 | 4 |
| 6. МИТОС | 2 | 1 | 1 | 0 | 3-1 | 4 |
| 7. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 3 | 1 | 1 | 1 | 3-4 | 4 |
| 8. «Анжи-2» | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-6 | 4 |
| 9. «Тэрч-2» | 4 | 1 | 1 | 2 | 2-3 | 4 |
| 10. «Алания» | 3 | 1 | 0 | 2 | 3-6 | 3 |
| 11. «Астрахань» | 3 | 0 | 0 | 3 | 2-5 | 0 |

## «Автозапчасть»-мрэ «Кэнжэмрэ» адрейхэм куэдкIэ ящхьэщокI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэр екIуэкIащ. Зи чэзу текIуэныгъэхэр къахьри адрейхэм куэдкIэ ящхьэщыкIащ «Автозапчасть»-мрэ «Кэнжэмрэ».**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ещанэ увыпIэр щызыIыгъ «Къэхъуныр» иужьрей тхьэмахуитIым зэкIэлъхьэужьу «Кэнжэмрэ» «Автозапчасть»-мрэ къызэрыхагъэщIам наIуэ ищIащ пашэныгъэр зыубыда командитIым иджы зыри зэралъэщIэмыхьэжынур. Абыхэм я зэхуаку очко пщыкIуий-пщыкIубгъу дэлъщ. Кънэжа джэгугъуипщI-пщыкIузым ар гъэкIуэдыжыгъуейщ.

КIэух увыпIэхэми зэныкъуэкъуныгъэр щыгуащIэщ. Абы щыгъуэми, псоми къакIэрыхуа «Анзорейм» и лъэр щIэхупауэ къыщIэкIынущ. Армырамэ, гурыIуэгъуэкъым ар Зеикъуэ щIэмыкIуар икIи 0:3-уэ фIахьэхуауэ щIаригъэтхар.

Иужьрей джэгугъуитIым къыщыхэмыжаныкIыфами, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щиутIыпщакъым «Къэхъуным» и пашэ ШащIэ Беслъэн. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм абы топ 38-рэ щыдигъэкIащ. Абы къыкIэлъокIуэ 31-рэ я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр хэзыгъэщIа «Автозапчасть»-м и гъуапщхьауэ Къалмыкъыр.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Велес»-р 11:0-у хэзыгъэщIа Налшык и «Союз»-м. Ар зы очкокIэ щхьэпрыкIащ иджыри къэс пашэныгъэр зыIыгъа, ауэ иужьрей зэIущIэм «Iэдииху» темыкIуэфа (0:0) Нарткъалэ и «Нартым».

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым хэт командэхэм иужьу ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Iэдииху**» (Iэдииху) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **5:2**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2:0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Анзорей**» (Анзорей) - **3:0** (хьэщIэхэр зэрымыкIуам къыхэкIыу), «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **3:2**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **2:1**, «**Союз**» (Налшык) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **2:1**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - **8:3**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) -**2:1**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Автозапчасть» | 22 | 19 | 2 | 1 | 86-24 | 59 |
| 2. «Кэнжэ» | 22 | 19 | 1 | 2 | 74-22 | 58 |
| 3. «Къэхъун» | 21 | 13 | 1 | 7 | 83-37 | 40 |
| 4. «Союз» | 20 | 13 | 1 | 6 | 64-36 | 40 |
| 5. «Спартак-Д» | 20 | 11 | 3 | 6 | 59-35 | 36 |
| 6. «Велес» | 20 | 10 | 3 | 7 | 36-40 | 33 |
| 7. «Нарт» | 21 | 10 | 3 | 8 | 66-53 | 33 |
| 8. «Тэрч» | 18 | 9 | 2 | 7 | 41-40 | 29 |
| 9. «Бедик» | 22 | 9 | 2 | 11 | 59-65 | 29 |
| 10. «ЛогоВАЗ» | 21 | 9 | 1 | 11 | 44-52 | 28 |
| 11. «Къэбэрдей» | 21 | 8 | 0 | 13 | 40-49 | 24 |
| 12. «Бахъсэн» | 21 | 7 | 1 | 13 | 44-51 | 22 |
| 13. «Шагъдий» | 21 | 5 | 4 | 12 | 34-46 | 19 |
| 14. «Прохладнэ» | 21 | 5 | 3 | 13 | 39-80 | 18 |
| 15. «Iэдииху» | 21 | 5 | 3 | 13 | 30-76 | 18 |
| 16. «Шэджэм-2» | 21 | 4 | 3 | 14 | 27-79 | 15 |
| 17. «Анзорей» | 21 | 4 | 1 | 16 | 39-80 | 13 |

• ФокIадэм и 20-р Адыгэхэм я махуэщ



**Кавказ эскадрон ныкъуэм хэтащ адыгэлI хъыжьэ Анзор Хьэту, генерал-майорыр, лIакъуэлIэшыр** *(1802 - 1856 гъгъ.).*
*Сурэтыр* **Шарлемань А. И.** *ищIащ. 1864 гъэ*

## Анэхэм яхуэгъэза Iуэхутхьэбзэ

• Чэнджэщ

**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм республикэм къыщыхелъхьэ «СМС маме» федеральнэ хъыбарегъащIэ Iуэхутхьэбзэр. Анэ хъуа е хъуну зызыгъэхьэзыр дэтхэнэ зы бзылъхугъэми тхьэмахуэм къриубыдэу и телефоным 2-3 пщIэншэу смс-чэнджэщхэр къыхуэкIуэнущ дяпэкIэ.**

АХЭР уэндэгъугъэр зэрекIуэкIым, сабийм зэрызиужьым теухуа хъыбар щхьэпэу щытынущ. Дауэ лъхугъэм зэрызыхуэбгъэхьэзырынур? Анэ хъуну бзылъхугъэм сыт ишх хъунур? Сыт хуэдэ дохутырхэр зригъэплъын хуей? Мис а упщIэхэми нэгъуэщI куэдми щыгъуазэ зыщIын хъыбархэр къаIэрыхьэнущ бзылъхугъэхэм. Апхуэдэу, IэмалыщIэм и фIыгъэкIэ, бзылъхугъэхэм и чэзум къащIэнущ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щыIэхэр зыхуэдэри. «СМС маме» Iэмалым къаригъэщIэнущ икIи ягу къигъэкIыжынущ бзылъхугъэмрэ абы и сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным, абыхэм я Iуэху дэкIыным теухуауэ щыIэ хабзэхэр.

Хъыбар къыпIэрыхьэну ухуеймэ, «МАМА» псалъэр зэрыт тхыгъэр ебгъэхьын хуейщ 5253 номерым. ИтIанэ жэуап ептынущ уэндэгъугъэм и пIалъэр е сабийм и ныбжьыр зэрыхъум теухуа упщIэхэм. Абы и ужькIэ нэхъ къыпхуэщхьэпэну чэнджэщхэр къыпхурагъэхьынущ.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ кърагъэхьыну тхыгъэхэр зэхагъэуващ IэщIагъэлI пажэхэм. ХъыбарегъащIэ тхыгъэхэр къыпIэрыхьэну ухуэмеижмэ, ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа номерым «СТОП» псалъэр егъэхьын хуейуэ аращ.

ЦIыхубзхэм чэнджэщ щрат республикэ IуэхущIапIэ, лъхуапIэ унэ псоми я пэIущIэ пэшхэм къыщыпщIэфынущ Iэмалыщiэм теухуа хъыбар кIэщIхэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, анэ хъуа е хъуну зызыгъэхьэзыр бзылъхугъэ мини 10-м щIигъум хъыбарегъащIэ Iэмалыр къагъэсэбэпынущ.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту итхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ, Афэ Тамарэ, Щоджэн Заирэ, Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIащ* **Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1723